

Yon kominote ki san danje epi enklizif

27 novanm 2023

Chè kominote inivèsitè,

Bon retou, Terps. Mwen espere repo pwolonje Thanksgiving nan te ofri nou opòtinite pou n pase tan avèk zanmi n ak moun nou renmen yo, epi pou n repoze, resouse epi rafrech nou.

Isit la nan University of Maryland, yon gwoup lidè kanpis lan te kontinye travay sou diferan plan pou pwoteje tout manm kominote nou an. Sa vle di angaje tèt nou yon lòt fwa pou n ofri yon anviwònman kote etidyan, pwofesè ak anplwaye yo kapab patisipe nan dwa yo genyen pou yo eksprime yo avèk libète, nan yon anviwonman ki pa gen rayisman, entolerans ak asèlman. Aprantisaj pa ka fèt avèk efikasite nan yon anbyans laperèz.

Travay sa primòdyal pou misyon nou an. Yo estime 15000 Palestinyen ak Izrayelyen pèdi lavi yo depi 7 oktòb. E pandan chif sa yo t ap ogmante, se konsa ensidan rayisman ak prejije t ap ogmante atravè peyi a tou. Ogmantasyon enkyetan anti-semitis ak Islamofobi, sou anpil kanpis inivèsite, pami yo pwòp pa nou an, dwe abòde yon fason ki dirèk.

An nou klè: Inivèsite a kondane antisemitis, Islamofobi ak rayisman sou tout fòm. Pwen final. Mesaj rayisman pa gen plas yo nan sosyete nou an, ni sou yon kanpis ki dedye ak ekspansyon aprantisaj epi konpreyansyon Nenpòt manm nan kominote kanpis nou an ki vyole Kòd Konduit Etidyan nou an oswa lòt politik ki aplikab yo ap fè fas ak mezi disiplinè ki apwopriye yo, epi Depatman Lapolis University of Maryland lan gen pou l byen mennen investigasyon sou tout ensidan prejije rayisab yo konsidere ki gen karaktè menasan. Kondanasyon nou an ak aksyon disiplinè ak legal nou yo aplikab tou pou rayisman anti-Arab, rasis anti-Nwa ak lòt fòm rayisman ki san okenn sans yo. Zak rayisman kont youn nan nou se zak rayisman kont nou tout.

Men kèk pwochen etap n ap pran touswit.

Ogmante Mezi Sekirite Kanpis yo

Pandan plis pase yon mwa, Depatman Lapolis University of Maryland (University of Maryland Police Department, UMPD) te elaji prezans vizib li sou kanpis la, ogmante patwouy li sou kanpis la epi li te travay 24 sou 24 san prèske pran okenn konje oswa jou konje. Epi l ap travay ak Divizyon Teknoloji Enfòmasyon an pou amelyore sistèm aksè pa kat kle nou an. Travay san pran souf li a ede kenbe chak manm kominote kanpis nou an an sekirite.

Pandan de (2) semèn ki sot pase yo, nou te aplike plizyè mezi sekirite adisyonèl. UMPD te retabli verifikasyon dantite yo ant 10è p.m. ak 3è a.m. nan antre kanpis la nan Baltimore Avenue, Stadium Drive ak Paint Branch Drive. Tout lòt pòtay yo ap rete fèmen pandan lè sa yo (Mowatt Lane ap rete ouvè sèlman pou bis). Vizite yo ap toujou jwenn otorizasyon pou yo sou kanpis la, men mezi adisyonèl sa a ap mande pou tout moun k ap antre sou kanpis lala bay yon kat idantifikasyon inivèsite a oswa yon lisans.

Dènyeman UMPD te anboche tou 80 lòt moun pou ranfòse inite lapolis oksilyè li a. Etidyan sa yo ki resevwa fòmasyon espesyal pral ranfòse travay UMPD a, ki gen ladan l siveyans manifestasyon sou kanpis la ak rekritman anplwaye pou pòtay antre yo.

Tanpri met ansanm avèk mwen pou n remèsye Chèf David Mitchell ak chak grenn manm UMPD pou angajman yo pou sekirite ak byennèt University of Maryland.

Gwoup Travay Kolektif Prezidansyèl-Sena sou Antisemitis ak Islamofobi

M ap etabli yon Gwoup Travay Kolektif Prezidansyèl ak Sena Inivèsite a pou bay direktiv, rekòmandasyon ak konsèy sou yon estrateji pou konfwonte antisemitis ak islamofobi sou kanpis la. Etidyan, pwofesè ak manm pèsònèl Gwoup Travay sa a pral travay nan tèt kole avèk Dwayèn Jennifer King Rice, Vis Prezidan Patty Perillo, Vis Prezidan Georgina Dodge epi Sena Inivèsite a.

Travay sa ijan, enpòtan ak difisil, akòz rasin istorik antisemitis, Islamofobi ak lòt fòm rayisman yo ki fon. Inivèsite piblik tankou pa nou an se kote ideyal pou diskou entelektyèl ki

ouvè. Nou se yon kominote miltikiltirèl ki fyè, e m gen espwa entans travay kolaborasyon gwoup travay sa a ka ede nou ranfòse konpreyansyon ak koneksyon, pou n ini nan objektif kolektif nou pou elimine rayisman.

Nou gen pou n anonse tout manm gwoup travay sa a nan jou k ap vini yo.

Règleman Pwovizwa sou Itilizasyon Lakrè

University of Maryland rekonèt echanj lide ak enfòmasyon se poto mitan obligasyon prensipal edikasyon siperyè ki se favorize devlopman entelektyèl ak dekouvèt epi difizyon konesans. Inivèsite a sipòte dwa etidyan, pwofesè, anplwaye ak òganizasyon etidyan yo pou yo angaje yo nan ekspresyon lide yo, ak kondisyon aktivite sa yo legal epi konfòm avèk politik Inivèsite a.

Nan tèt kole avèk Komite Egzekitif Sena Inivèsite a, n ap aplike yon politik pwovizwa espesifik pou itilizasyon lakrè. Nou etabli Hornbake Plaza ak espas twotwa ki pa deyò antre sidès Stamp Student Union lan kòm sèl kote sou kanpis la kote itilizasyon lakrè otorize. Zòn sa yo pral kote ki dedye ak ekspresyon libelibè e y ap gen dispozisyon enpòtan ki di "Moun yo pa dwe angaje nan zak asèlman ilegal, vyolans fizik, menas oswa entimidasyon, oswa konduit obsèn anvè nenpòt ki moun nan." Mete sou sa, yo gen pou yo konsève ak rafrech zòn ki chwazi pou lakrè itilize yo regilyèman.

Mwen t a renmen remèsye Komite Egzekitif Sena Inivèsite a pou sipò yo nan politik pwovizwa sa a. Yon politik final — ki ap gen ladan l yon revizyon sou siyalizasyon ki egziste deja, depliyen epi pratik distribisyon depliyen — gen pou li adopte apre ratifikasyon ofisyèl li pa tout Sena a.

Siyalman Prejije Rayisman

University of Maryland ankouraje siyalman rapid nenpòt ensidan rayisman oswa prejije. Si w santi yon menas imedya, tanpri rele UMPD nan 301-405-3555 oswa rele 911. Pou tout lòt

ensidan, tanpri voye yon rapò atravè [sistèm anliy nou an](#). Envestigasyon gen pou mennen sou tout ensidan yo konplètman epi san pèdi tan. Nou la pou sipòte ou.


Kreye yon Kominote ki Enklizif

Lide diferan manm kominote Inivèsite a ka souvan epi natirèlman an dezakò. Moun yo ka jwenn kèk lide ak opinyon endezirab, dezagreyab oswa menm trè ofansif. Tout etidyan, pwofesè ak anplwaye yo byenvini pou yo patisipe nan ekspresyon lide libelibè a nan University of Maryland. Pou ankouraje yon mache lide ki ouvè, nou pa ka pèmèt rayisman oswa ensitasyon vyolans anvè okenn manm nan kominote nou an. Pèmèt rayisman anvayi kanpis nou an ap toufe libète akademik ak edikasyon, anpeche senpati ak konpreyansyon, epi li kontrè ak valè respè ak enklizyon nou yo.

Nou te kreye inisyativ TerrapinSTRONG nou an pou anseye valè kanpis nou an. TerrapinSTRONG mete aksan sou enpòtans yon anviwònman kote tout moun ka rive atenn tout potansyèl yo. Se poutèt sa, kòm yon lòt mezi pwo-aktif, mwen te mande lidè kanpis yo pou yo devlope pwogram pou abòde sijè Islamofobi ak antisemitis atravè resous edikatif ki ranfòse enklizyon ak respè nou obsève kòm Terrapins.

An nou renouvle angajman nou anvè prensip sa yo, pou elimine rayisman sou tout fòm malfezan li yo, epi pou kreye yon pi bon University of Maryland pou tout moun.

Sensèman,

A handwritten signature in black ink, reading "Darryll J. Pines". The signature is fluid and cursive, with the first name "Darryll" being more prominent and the last name "Pines" following in a similar style.

Darryll J. Pines

Prezidan, University of Maryland, College Park

Li (Pwonon Maskilen)